



Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LÈKOL DE TE A PRAL FÈT ATRAVÈ APRANTISAJ A DISTANS ANE SA**

*Etann delè pou fè deklarasyon taks sou lavant jiska 22 jen 2020*

*Eta a ap fè investigasyon sou 157 ka ak 3 lanmò ki rapòte asosye ak maladi COVID kay timoun yo ak sentòm ki menm jan ak maladi kawasaki oswa sendwòm ki tankou chòk toksik*

*Konte Rockland ap kalifye kounye a pou rekòmanse operasyon elektif ak swen anbilatwa yo*

*Nouyòkè yo ta dwe rele liy dirèk Coronavirus la nan 1-888-364-3065 si yo kwè ke anplwayè yo pa swiv konsèy PPE, llyèn oswa distans Sosyal yo*

*Raple Nouyòkè yo pou yo fè atansyon ak apèl "NYS Contact Tracing"*

*Konfime 2,088 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 356,458; Nouvo ka nan 44 Konte*

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lèkol dete a pral fè pa aprantisaj a distans ane sa pou ede minimize risk pou viris la pa plis pwopaje. Pwogram repa ak sèvis gadri pou travayè esansyèl yo pral kontinye. Distri lekòl yo dwe devlope yon plan tou pou elèv ki gen andikap yo ki patisipe nan pwogram ane lekòl la nan ete pwolonje a pandan ete a pou asire yo resevwa enstriksyon. Eta a pral fè yon detèminasyon sou semès otòn lan epi pibliye direktiv nan mwa jen pou lekòl ak kolèj yo ka kòmanse planifye pou yon kantite senaryo. Lekòl Kindègadenn riven nan 12èm ane ak kolèj yo pral soumèt plan yo pou apwobasyon nan eta a an jiyè.

Gouvènè Cuomo te anonse tou eta a ap etann delè pou fè deklarasyon taks sou lavant ak soulajman sanksyon jiska 22 jen 2020. Eta a te deja bay soulajman jiska 19 me pou retou jiska 20 mas yo. Ekstansyon sa a te kapab founi soulajman enterè ak penalite pou jiska 89,000 founisè ki te gen retou ki bout nan mwa mas. Ti biznis sa yo ranpli taks yo chak trimès ak chak ane, epi yo gen resi taksab ki mwens pase 300,000 dola nan trimès anvan an.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap fè investigasyon sou 157 ka ki rapòte nan New York kote timoun - prensipalman timoun ki gen laj pou ale lekòl yo - gen sentòm tankou maladi Kawasaki ak sendwòm toksik ki tankou yon chòk ki sanble rive akòz COVID-19 la. Maladi a te retire lavi twa jèn Nouyòkè, ki gen ladan yon ti gason 5 an nan Vil New

York, yon ti gason 7 nan Konte Westchester ak yon adolesan nan Konte Suffolk. Jiska dat, gen 13 peyi ak 25 lòt eta ki deja rapòte ka COVID sa a ki gen rapò ak maladi lakay timoun yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou Konte Rockland ap kalifye kounye a pou rekòmanse operasyon elektif ak swen anbilatwa yo. Gouvènè a te anonse dènyeman Eta a pral pèmèt pou rekòmanse fè tretman ekstèn ochwa nan konte ak nan lopital yo san risk pou ogmantasyon enpòtan COVID-19 akoutèm, ak yon total 51 konte ka rekòmanse kounye a operasyon elektif yo (4 konte pa gen lopital).

Gouvènè a ankouraje tou Nouyòkè pou rele liy dirèk Coronavirus la nan 1-888-364-3065 si yo kwè ke anplwayè yo pa swiv konsèy PPE, l'yèn oswa distans Sosyal yo pandan gen plis biznis ki kòmanse ouvri.

Gouvènè a te raple Nouyòkè yo pou yo prete atansyon ak apèl "NYS Contact Tracing" epi pou reponn apèl sa yo pandan eta a ap kòmanse aplike pwogram trase kontak li a.

"Kòm nou konsantre sou re-ouvèti a, lekòl yo poze konplikasyon inik - yo gen dansite elve ak pwoblèm transpò ki lakòz yon pi gwo risk pou pwopagasyon sòf si yo mete an plas mezi pwoteksyon yo konplètman", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a nou gen yon lòt pwoblèm ki konplike sitiyasyon an menm pi plis ak maladi ki gen rapò ak COVID lakay timoun yo. Nou ap kontinye etidye nouvo maladi sa a epi aprann plis, men pou kounye a lekòl ete yo ap rete fèmen pou ansèyman nan klas epi yo pral fè ansèyman atravè aprantisaj a distans ane sa a".

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,088 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 356,458 ka konfime nan Eta New York. Nan total 356,458 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,700	18
Allegany	44	0
Broome	451	15
Cattaraugus	71	1
Cayuga	72	4
Chautauqua	58	8
Chemung	134	0
Chenango	118	0
Clinton	94	0
Columbia	355	5
Cortland	36	0
Delaware	71	2
Dutchess	3,745	21
Erie	5,270	139

Essex	36	2
Franklin	19	1
Fulton	186	2
Genesee	188	4
Greene	215	0
Hamilton	5	0
Herkimer	93	0
Jefferson	71	0
Lewis	18	0
Livingston	114	3
Madison	294	2
Monroe	2,530	65
Montgomery	77	2
Nassau	39,487	119
Niagara	880	22
NYC	195,675	1,125
Oneida	817	15
Onondaga	1,771	53
Ontario	176	6
Orange	10,092	49
Orleans	174	3
Oswego	92	2
Otsego	67	0
Putnam	1,175	7
Rensselaer	456	3
Rockland	12,877	46
Saratoga	440	2
Schenectady	638	5
Schoharie	49	1
Schuyler	10	0
Seneca	52	0
St. Lawrence	195	0
Steuben	238	1
Suffolk	38,553	142
Sullivan	1,281	14
Tioga	117	3
Tompkins	145	0
Ulster	1,584	13

Warren	241	6
Washington	222	1
Wayne	103	0
Westchester	32,673	156
Wyoming	79	0
Yates	34	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)